

## Chè Nouyòkè,

Si ou ap viv nan yon vil, katye rich oswa kominote riral; jwenn lojman ki an sekirite, abòdab kapab yon defi.

Erezman, lwa nou yo pwoteje dwa ou genyen pou chwazi kote pou viv san diskriminasyon ki baze sou ras, relijyon, sèks oswa plizyè lòt karakteristik.

Lwa federal ak lwa Eta New York egziste, pou asire ke opòtinite lojman egal yo disponib pou tout moun. Gen kèk gouvènman lokal ki ofri menm plis pwoteksyon. Bwochi sa a, eksplike kèk nan lwa sa yo e li gen ladan enfòmasyon sou kisa pou fè si ou kwè yon mèt kay, vandè oswa kreditè te fè diskriminasyon kont ou.

Lojman se youn nan esansyèl lavi a; li enpòtan pou tout moun gen aksè a li, san diskriminasyon. Si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte biwo mwen an.

Sensèman,

*Letitia James*



Avoka Jeneral  
pou Eta New York  
**Letitia James**

## Resous

### **Biwo Eta New York pou Avoka Jeneral sou Dwa Sivil**

28 Liberty Street  
New York, NY 10005

(212) 416-82500  
(800) 788-9898 (TDD)

[ag.ny.gov](http://ag.ny.gov)

### **Divizyon Dwa Moun pou Eta New York**

One Fordham Plaza, 4th Floor  
Bronx, NY 10458

888-392-3644  
(718) 741-8300 (TDD/TTY)

[dhr.ny.gov](http://dhr.ny.gov)

### **Depatman Ameriken pou Lojman ak Devlopman Iben ou riral, Sant de Ranfòsman pou Lojman san patipri**

26 Federal Plaza, Room 3541  
New York, NY 10278-0068

(212)264-8000  
(212) 264-0927 (TTY)

[hud.gov](http://hud.gov)

### **Komisyon sou Dwa Moun nan Eta New York**

22 Reade Street, First Floor  
New York, NY 10007

(212) 306-7450

[nyc.gov/humanrights](http://nyc.gov/humanrights)

# Lojman San Patipri

Lojman Aksesib  
pou tout Moun



Biwo avoka Jeneral  
nan Eta New York

**Letitia James**



## Lwa sou Lojman san patipri: Kijan Nou Pwoteje

The federal Fair Housing Act, the New York State Human Rights Law, and various local laws, prohibit discrimination by housing providers (including owners, real estate agents, managing agents, building superintendents, cooperative and condominium boards), and lenders (banks and mortgage companies).

- Lwa Federal sou Lojman Ekitab la fè li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras moun, estati famiyal (prezans timoun ki poko gen 18 an), koulè, orijin nasyonal, relijyon, andikap (fizik oswa mantal), oswa sèks.
- Lwa sou Dwa Moun Eta New York an kouvri tout karakteristik sa yo, men tou pwoteje kont diskriminasyon ki baze sou kwayans, laj, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl oswa ekspresyon, sityasyon marital, estati militè, oswa sous revni legal (asistans piblik oswa lojman, sekirite sosyal, revni sekirite siplemantè, pansyon, sipò pou timoun, pansyon alimantè, sibvansyon pou swen adoptif, revni anyèl oswa alokasyon chomaj).

Anpil gouvènman lokal yo, gen pwoteksyon adisyonèl. Lwa sou Dwa Moun nan Vil New York kouvri tou: sèks, estati sitwayènte, estati patenarya, oswa okipasyon legal.

## Pifò Lojman Enkli

- Nan Eta New York, lwa anti-diskriminasyon yo kouvri pifò kalite lojman, ak kat eksepsyon prensipal:
- Bilding ki okipe pa pwopriyetè youn oswa de de fanmi;
- Lokasyon chanm pou moun ki gen menm sèks, tankou dètwa nan kolèj oswa kay kote tout moun ki abite yo se menm sèks;
- Lojman ki fèt pou moun ki gen plis pase 55 ane oswa plis pase 62 ane; ak
- Lokasyon chanm ki okipe pa pwopriyetè a.

## Aksyon Entèdi

Lwa sa yo aplike pou vann oswa lokasyon lojman ak prete ipotèk epi bay pwoteksyon kont diferan fòm diskriminasyon lojman ki gen ladan sa ki annapre yo:

- Refize lwe, vann, finanse, asire oswa negosye pou lojman;
- Fè lojman an pa disponib;
- Mete tèm oswa kondisyon diferan, oswa bay sèvis ki sou pye degalite;
- Enprime oswa sikile yon reklam diskriminatwa;
- Refize fè oswa bay enfòmasyon sou yon prè, oswa enpoze tèm diferan oswa kondisyon; oswa
- Anbete, menase, entimide, oswa kontrole nenpòt moun, tankou asèlman seksyèl.

## Moun ki gen andikap yo pwoteje

Dapre lwa sou lojman san patipri a, yon mèt kay pa gen dwa:

- Refize fè modifikasyon rezonab nan yon lojman oswa nan zòn komen pou akomode andikap yon moun;
- Refize fè akomodasyon rezonab nan règleman kay la oswa sèvis si li nesèsè, pou moun ki enfim itilize lojman an; oswa
- Anplis de sa, nenpòt lojman multifamiyal ki te konstwi apre 1991, dwe respekte kondisyon aksè yo.

## Reparasyon Dega a

Si yo jwenn ke diskriminasyon te fèt, yo ka pran mezi pou remède sityasyon an. Sa yo ka genyen ladanl:

- Mande chanjman nan règleman ak pratik;
- Fè lojman oswa prè disponib;
- Evalye domaj lajan oswa frè avoka; oswa enpozisyon amann sivil ak penalite.

## Depoze yon Plent

Si ou gen kesyon oswa ou kwè ou te yon viktim nan diskriminasyon lojman, ajans sa yo ka kapab ede ou. Ou ka jwenn enfòmasyon sou kontak pou chak, nan do bwochi sa a.

- Biwo Dwa Sivil Avoka Jeneral Eta New York la envestige ak pouswiv sou diskriminasyon politik oswa pratik diskriminasyon. Biwo a pran angajman pou li konbat diskriminasyon lojman nan tout Eta New York.
- Divizyon sou Dwa Moun nan Eta New York lan pote plent endividyèl sou diskriminasyon. Ou gen yon ane pou pote plent apre yon swadizan vyolasyon prezante.
- Depatman Lojman ak Devlopman Iben ou riral Etazini (HUD) trete plent endividyèl sou diskriminasyon ki baze sou Lwa sou lojman sa patipri federal la. Ou gen yon ane pou pote plent apre yon swadizan vyolasyon prezante.
- Komisyon Vil New York sou Dwa Moun (CCHR) trete plent endividyèl yo sou diskriminasyon ki baze sou Lwa sou Dwa Moun Vil New York.

Ou gen yon ane pou pote yon plent apre yon swadizan vyolasyon prezante. Ou entèdi pou ranpli yon reklamasyon ak CCHR si ou deja depoze menm plent lan ki baze sou menm reyalyte yo ak yon lòt ajans oswa nan tribinal.